



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GANYAN REJYON MID-HUDSON YO NAN KAD SEPTYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA AK DEZYÈM FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA

White Plains — Youn nan premye kominote sètifye an Favè Lojman — pral resevwa 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la; Highland Falls ak Montgomery pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak nan pwogram NY Forward la

Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global devlopman ekonomik ak kwasans kominotè Eta a

Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke White Plains pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Mid-Hudson lan nan setyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, ansanm ak Highland Falls ak Montgomery kòm gayan NY Forward pou Rejyon Mid-Hudson, k ap resevwa 4.5 milyon dola yo chak. Nan 7èm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Anba lavil kominote lokal yo fè pati sa ki fè Eta New York vibran ak gran", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa yo non sèlman bay kominote yo finansman ki nesèsè pou revitalize sant vil yo, men tou ede yo santi yo eta wè ak tande yo. Lè w ede leve zòn ki ozalantou Rivyè Hudson lan, li pral estimile aktivite touris anndan epi fè rezidan yo eksite konsènan kote y ap viv."

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi Eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI a, ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon pwojè imedya pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak kominote riral yo.

Avèk angajman Gouvènè a ane sa ki se 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Eta a te envesti kounye a yon total konbine 1 milya dola nan tou de pwogram yo depi kòmansman yo. Gouvènè a te pwopoze yon lòt 100 milyon dola pou chak pwogram, ki totalize 200 milyon dola, nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 li a.

Prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Vil la pou White Plains

Aplikasyon DRI Vil White Plains lan—ki gen tit, "The Heart of White Plains" (Kè White Plains)—konsantre sou nwayo iben tradisyonèl vil la, ki konsidere kòm yon paradi pou pyeton, li te reyalize yon nòt mach 98 sou 100. Zòn nan se lakay anpil devlopman multi-familyal, byento yo pral redevlope Galleria ak sant komèsyal City Center, yon seri restoran ak sant akèy pwospè ak estasyon tren Metro North ki pi okipe nan sid Hudson Valley.

White Plains te pran yon angajman pou abòde kriz lojman aktyèl la nan aplikasyon li an epi yo te nonmen li yon kominote an Favè Lojman an. Pwojè kominote a idantifye konsantre sou lojman vèt abòdab, sant rasanbleman kominotè, enfrastrikti pou pyeton ak bisiklèt ki an sekirite ak aksesib ak entèkoneksyon ant anba lavil la ak yon katye adjasan pou moun ki gen revni ba/modere.

White Plains deja resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Yo rejwenn Middletown, Kingston, New Rochelle, Peekskill, Haverstraw, Ossining ak Port Jervis, ki te gayan Mid-Hudson nan sis premye faz DRI yo.

White Plains pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè avanse vizyon kominote a pou anba lavil li a epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan yo pou setyèm faz DRI a pral fini an 2024.

Prim 4.5 milyon dola NY Forward pou Highland Falls ak Montgomery

Yo te idantifye Vilaj Highland Falls nan plan konplè Konte Orange ki pi resa kòm yon zòn kwasans priyorite, sa ki fè li yon kote ideyal pou revitalizasyon anba lavil la. Aplikasyon Vilaj la pral devlope epi elaji amelyorasyon ki te pase nan sant vil la, sitou sa ki te sipòte Estrateji Revitalizasyon Litoral Lokal 2020 li a. Pwojè yo idantifye gen

ladan amelyorasyon milti-modal pou amelyore sikilasyon ak sekirite, renovasyon fasad lari prensipal yo, mak ak maketin ak elaji aksè ak litoral la.

Vilaj Montgomery se yon vilaj istorik pitorèsk ki gen yon gwo sans kominote ak yon kote pitorèsk bò Rivyè Walkill la. Zòn anba lavil NY Forward la konpab ak pratik pou pyeton, li genyen yon gwo konsantrasyon nan bilding istorik, biznis ak ekipman sivik ak kiltirèl yo. Pwojè yo idantifye yo pral amelyore koneksyon ant pak anba lavil Vilaj la ak espas vèt yo, amelyore sekirite nan lari yo ak posiblite pou yo mache, prezève estrikti istorik yo, amelyore pòtay antre nan kominote a epi amelyore oryantasyon, siyalizasyon ak mak.

Highland Falls ak Montgomery yo chak te resevwa 4.5 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil pa yo epi jenere nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Yo rejwenn Sleepy Hollow ak Cornwall/Cornwall-on-Hudson, ki te gayan Mid-Hudson nan premye faz NY Forward la.

Highland Falls ak Montgomery pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil pa yo. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Investisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Anba lavil toupatou nan Eta New York yo ap anime ak antisipasyon nan chanjman ki fèt sou orizon an, gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ak NY Forward la. Prim yo bay White Plains, Highland Falls ak Montgomery yo pral lanse yon wout enteresan epi ki ireparab pou reyanime kominote sa yo. Enèji ke prim sa yo kreye palpab, rezilta yo mezirab, ak rezilta yo transfòmatif."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Soti nan White Plains rive Highland Falls ak Montgomery, prim DRI ak NY Forward sa yo rekonèt anba lavil yo kòm kè kominote yo epi yo pral sipòte kwasans entelijan pandan plizyè ane k ap vini yo. Aplikasyon ki genyen yo anvizaje plan pou amelyorasyon transfòmatif nan koneksyon ak fliks, litoral ki pi aksesib ak apwòch inovan pou kreye espas ak kote ki vibran ki pral atire vizitè ak biznis epi ankouraje siksè ekonomik."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Prim DRI ak NY Forward jodi a nan rejyon Mid-Hudson pral ede kreye lojman ki akse sou transpò piblik nan anba lavil White Plains lan epi yo pral bay yon nouvo vi nan vilaj Highland Falls ak Montgomery ak amelyorasyon peyizaj lari yo ak ogmantasyon aksè pou pyeton.

Amelyorasyon tankou sa yo ka debloke potansyèl pou plis investisman prive ak kwasans ekonomik. Prim sa yo se sèlman dènye egzanp konsantrasyon kontinyèl Gouvènè Hochul sou ranfòse kominote New York yo nan dirije resous yo nan distri anba lavil yo epi fè eta nou an vin yon kote ki pi abòdab pou viv."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, Doktè Marsha Gordon, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Westchester (The Business Council of Westchester), ak Doktè Kristine Young, Prezidan SUNY Orange lan, te deklare, "Pandan nou deja fyè de tout sa twa aplikan ki genyen sa yo genyen pou ofri, finansman DRI ak NY Forward yo pral ede fè White Plains, Highland Falls ak Montgomery vin pi atiran pou moun ki vle viv, travay oswa vizite rejyon Mid-Hudson lan. Lè yo estimile plan pou chanje règ jwèt yo epi bay resous pou minisipalite sa yo grandi, prim pwogram sa yo pral bay kominote sa yo nouvo lavi epi ankouraje yon avni ki vibran pou tout moun."

Senatè Eta, Rob Rolison, te deklare, "Investisman 4.5 milyon dola sa a pral ranfòse vizyon Vilaj Montgomery pou anba lavil li a epi ede lokalite a itilize byen ki egziste deja yo nan nouvo fason kreyatif. Felisitasyon pou ansyen Majistra Steve Brescia ak ekip li a paske yo te jwenn finansman enpòtan sa a, epi mèsè ak Gouvènè Hochul pou angajman li nan investisman revitalizasyon anba lavil la nan Hudson Valley."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen trè kontan dèske White Plains pral resevwa 10 milyon dola nan setyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. White Plains se yon kominote iben divès ak vivan, kote rezidan yo ekspriye fyète sivik yo ak angajman kominote yo nan yon fason remakab ak kontinyèl. Investisman sa a pral bay finansman enpòtan pou avanse plan vil la pou sipòte kwasans ekonomik ak devlopman lojman, ki gen ladan lojman abòdab, pandan y ap fè anba lavil la vin pi vibran. Mwen fyè pou m reprezante Vil espesyal sa a epi mwen remèsye Gouvènè a pou angajman li pou kwasans kontinyèl li."

Senatè Eta James Skoufis te deklare, "Highland Falls se yon bèl vilaj istorik ki gen bèl biznis lokal ak restoran, moun enkwayab, ak yon bèl vi sou Rivyè Hudson. Se yon kote tou ki te fè fas ak advèsite dènyèmman epi ki pral vrèman benefisyè momentòm ak sipò ki pral vini ak sibvansyon NY Forward la. Kominote Highland Falls la fò, epi li pral vin pi fò sèlman si yo wè sekirite lari yo amelyore, Lari Prensipal yo ap klere, epi litoral yo vin pi aksesib pou rezidan yo ak vizitè yo. Mwen vrèman pa ka tann nouvo opòtinite enteresan ak pwojè sibvansyon sa a finanse."

Manm Asanble Chris Eachus, te deklare, "Mwen fyè anpil pou m wè Vilaj Highland Falls to rekonèt li kòm benefisyè Pwogram NY Forward la. Kominote a te fè eksperyans enpak devastatè tanpèt istorik ki rive yon fwa chak milènè ane pase a, ki te lakòz plizyè milyon dola domaj epi ki te touye yon rezidan. Avèk Akademi Militè Ameriken an nan West Point, Storm King Art Center, ak Woodbury Common ki tou pre a, vilaj la pozisyone kòm yon premye destinasyon nan Eta New York. Investisman revitalizasyon sa a montre devouman eta a pou kiltive katye dinamik ak dirab, epi rekonesans li nan gwo potansyèl Highland Falls dwe yon motè ekonomik pou Hudson Valley. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan kad Sibvansyon NY Forward la, ak pou envestisman li ki gen anpl enpak nan Konte Orange."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "Felisitasyon Vil White Plains paske yo te resevwa 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la. White Plains, ki se vrèman sant Konte Westchester, te fè yon travay remakab pou kenbe tèt li modèn, aksesib, ak yon bèl kote pou viv. Mwen pa ta ka pi kontan ak rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou 10 milyon dola sa a nan finansman pou plis revitalizasyon anba lavi Vil la. Lajan sa yo pral pèmèt White Plains kontinye sou trajèktwa siksè li, bay li opòtinite pou devlope lòt lojman abòdab ki nesèsè anpil, epi pou rann Vil la pi aksesib pou pasaje yo ak pyeton yo. Finansman sa a pral asire ke White Plains ka kontinye pwospere nan ane ak deseni k ap vini yo."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Mwen kontan dèske White Plains pral resevwa 10 milyon nan finansman kòm gayan rejyon Mid-Hudson nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la. White Plains gen yon sant vil akeyan, favorab pou anviwònman an ak enklizif, epi li toujou ekselan nan ogmante lojman, ogmante opòtinite transpò ak sipòte yon divèsite biznis. Avèk fèmte Galleria Mall la ak lòt chanjman ki pase yo, anba lavi White Plains nan yon moman enpòtan pou kontinye bati sou devlopman siksè yo ak bon jan kalite lavi pou rezidan yo. Mwen felisite yo paske yo te genyen gwo finansman sa a epi mwen pa ka tan pou wè plan yo reyalize."

Manm Asanble Brian Maher, te deklare, "Antanke ansyen Sipèvizè Vil Montgomery mwen te gen onè pou m travay avèk anpil moun ki gen enterè lokal pou m bati sou gwo travay k ap fèt nan Vil ak Vilaj Montgomery a. Lè yo kapab sipòte aplikasyon sa a kòm yon manm nan Asanble Eta a ak defann finansman sa a te yon gwo efò difisil. Finansman sa a pral gen yon gwo enpak sou Vilaj ak Vil Montgomery, ansanm ak Konte Orange ak kominote Hudson Valley a an jeneral. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Sipèvizè Vil Steve Brescia, Vilaj Montgomery ak lòt moun ki gen enterè lokal yo pou ede nan planifikasyon estratejik ak aplikasyon yo. Se yon bèl jounen memorab pou kominote Montgomery a an jeneral."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif sou pwopozisyon ke kominote nan tout rejyon an te soumèt epi li te konsidere kritè anba yo anvan li rekòmande kominote sa yo antanke nomine:

- Anba lavi la dwe konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavi la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavi la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavi la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;

- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fonDRI oswa fon NY Forward yo; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSEDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan sis premye ane pwogram nan, eta a te angaje 700 milyon dola nan 69 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak pi gwo divèsite ekonomik ak lojman ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo. [Enfòmasyon sou DRI a disponib isit la.](#)

Konsènan Pwogram NY Forward la

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan politik devlopman ekonomik Eta a. Pwogram nan travay dekonsè ak DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon sant vil ki pi piti ak rural yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye nan efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, kalite lavi ak divèsite sosyo-ekonomik.

Yon fwa yo atribiye, kominote NY Forward yo soutni pa yon konsiltan planifikasyon pwofesyonèl ak yon ekip ekspè ajans Eta k ap dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS) pou devlope yon Plan Envetisman Estratejik ki gen ladann yon seri pwojè transfòmatif, konplemantè epi ki fasil pou egzekite. Pwojè NY Forward yo adapte yon fason ki apwopriye pou gwosè chak kominote; pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa ki

amelyore ak lòt pwojè ki amelyore kalite kiltirèl ak istorik espesifik ki defini ak distenge cham ti vil ki defini minisipalite sa yo.

Plan ak pwojè Envestisman Estratejik yo se yon Komite Planifikasyon Lokal ki pilote yo, ki mennen anpil sansibilizasyon ak angajman nan kominote a. Depatman Deta bay tou anpil asistans teknik ak webimè pou ranfòse kapasite yo — ki gen anplwaye, ekspè ak kamarad nan kominote DRI yo — ki vize pou sipòte kominote ki ka gen mwens resous ak kapasite pase pi gwo kominote iben yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)